

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 *Setting* Panalungtikan

*Setting* panalungtikan ngawengku lokasi jeung subjék populasi/sampel panalungtikan jeung cara milih sampel.

##### 3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan dilaksanakeun di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri anu sacara administratif ayana di Desa Kertajaya Rt.03 Rw. 07, Kecamatan Ciranjang, Kabupatén Cianjur. Pernahna mah nya éta 5 km ka *timur laut* ti kota Kacamatan Ciranjang. Lokasi pasantrén Miftahul Huda Miftahulhuda Al-Musri gampang kapanggih jeung katepi ku angkutan umum nya éta angkutan kota jurusan Cilincing.

##### 3.1.2 Populasi jeung Sampel

Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan kualitatif déskriptif. Panalungtikan kualitatif mangrupa wangun panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénomena-fénomena anu aya, boh fénomena anu sifatna alamiah boh *rékayasa* manusa (Sukmadinata, 2008 kaca 72). Ieu panalungtikan ngagambarkeun fénomena anu aya di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur nya éta kaédah narjamahkeun kitab konéng anu dumasar élmu nahwu jeung sorof, métode anu digunakeun pikeun narjamahkeun kitab konéng, sarta kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng.

Dina panalungtikan kualitatif teu ngagunakeun istilah populasi, tapi sakumaha pamadegan Spradley (dina Sugiono, 2011 kaca 215) nya éta “*sosial situation*” atawa situasi sosial. Situasi sosial anu diwangun ku tilu élémén nya éta: tempat (*place*), palaku (*actors*), jeung aktivitas (*activity*) anu ngalakukeun interaksi sacara sinergis. Élémén tempat dina ieu panalungtikan nya éta Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur. Élémén palaku dina ieu panalungtikan nya éta santri anu diajar narjamahkeun kitab konéng sarta ustad atawa kiyai anu

ngajarkeun kitab konéng. Élémen aktivitas dina ieu panalungtikan nya éta proses narjamahkeun kitab konéng.

Panalungtikan kualitatif teu ngagunakeun populasi, sabab panalungtikan kualitatif miang tina kasus anu tangtu anu nyampak dina situasi anu tangtu jeung hasilna teu lumaku pikeun populasi, tapi ditransferkeun ka situasi sosial séjén anu sarua jeung situasi sosial anu ditalungtik. Sampel dina panalungtikan kualitatif teu dingaranan réspodén, tapi minangka narasumber, partisipan, informan, sobat jeung guru dina panalungtikan (Sugiono, 2011 kaca 216).

Nalika ancrub kana situasi sosial anu geus ditangtukeun, panalungtik perlu ngalaksanakeun obsérvasi jeung wawancara ka jalma-jalma anu dianggap nyaho kana situasi sosial kasebut. Nangtukeun sumber data jalma anu diwawancara dilakukeun sacara pusposif . *Purposive sampling* mangrupa tehnik nyokot sampel sumber data dumasar *pertimbangan* anu tangtu. *Pertimbangan* anu tangtu, misalna jalma anu dianggap paling mikayaho ngeunaan hal anu ditalungtik atawa jalma anu boga kawasa/pangaruh nepi ka ngagampangkeun pikeun asup kana situasi sosial anu ditalungtik. Ciri-ciri husus sampel purposif nurutkeun Lincoln jeung Guba (dina Sugiyono, 2011 kaca 219) nya éta: 1) *emergent sampling design*/saheulaanan; 2) *serial selection of sample units*/ngagorolong saperti bola salju (snowball); 3) *continuous adjustment or 'focusing' of the sample*/diluyukeun jeung kabutuhan; sarta *selection to the point of redundancy*/dipilih nepi ka bosen. Dina ieu panalungtikan anu jadi sampel purposif nya éta santri sarta ustad/kiyai anu aya di pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur anu dianggap paling mikayaho kana métode narjamahkeun kitab konéng.

Hasil panalungtikan henteu digeneralisikeun kana populasi sabab nyokotna sampel teu sacara *random*. Hasil panalungtikan kualitatif bisa ditransferkeun atawa dilarapkeun kana situasi sosial anu séjén, upama situasi sosial anu séjénna mibanda sasaran jeung situasi sosial anu ditalungtik.

Data utama dina ieu panalungtikan nya éta tulisan hasil narjamahkeun anu aya dina kitab konéng jeung kekecapan hasil tina wawancara jeung para informan di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur. Santri anu jadi informan aya 12

jalma tina tingkatan ibtidaiyah, tsanawiyah, aliyah jeung ma'had ali. Ustad anu jadi informan aya 3 jalma anu boga pangalaman lila dina ngajarkeun kitab konéng di pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur. Sumber datana nya éta dokumén mangrupa kitab-kitab konéng, laporan hasil diajar santri jeung tulisan milik santri sarta para ustad jeung santri anu jadi informan.

Sumber data kaédah narjamahkeun kitab konéng di Pasantén Miftahulhuda Al-musri nya éta kitab-kitab nu medar kaédah élmu alat (nahwu jeung sorof) sarta simbul-simbul anu lumaku pikeun narjamahkeun kitab konéng. Referensi utamana pikeun kaédah narjamahkeun nya éta kitab jurumiyyah jeung kitab kaelaniy, sedengkeun pikeun simbul-simbul anu digunakeun pikeun narjamahkeun nya éta simbul-simbul anu lumaku di Pasantrén Miftahulhuda Al-musri Cianjur anu biasa digunakeun. Ustad-ustad nu aya di Pasantrén Miftahulhuda Al-musri Cianjur kacida pentingna pikeun ngadéskripsikeun kaédah narjamahkeun sarta simbul-simbul anu digunakeun dina proses narjamahkeun.

Sumber data métode narjamahkeun kitab konéng di Pasantén Miftahulhuda Al-musri nya éta paripolah anu aya dina proses pangajaran kitab konéng. Métode pangajaran anu digunakeun nya éta sorogan, balagan, tarkiban, jeung tahfid/talaran. Opat métode kasebut mangrupa bagian tina program unggulan di Pasantén Miftahulhuda Al-musri anu ngabédakeun sistem pangajaran jeung pasantrén séjénna.

Husus pikeun data kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng digunakeun sampel jeung populasi. Ieu hal patali jeung ngolah data anu ngagunakeun angka pikeun ngajelaskeun tingkat kamampuh santri. Sumber data kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng nya éta rekapitulasi niléy ulangan santri ti opat tingkatan kelas nya éta Ibtidaiyyah, Tsanawiyah, Aliyah jeung Ma'had Ali. Tehnik *sampling* anu digunakeun nya éta *simple random sampling* pikeun meunangkeun sampel anu representatif nepi ka mere kasempetan pikeun tiap unsur populasi dipilih jadi anggota sampel. Tina tiap tingkatan dipilih data anu ngawakilan niléy handap, tengah, jeung luhur. Tiap tingkatan dicokot sakelas anu jadi sampel ku sabab materi pangajaranana sarua anu ngabedakeunana bagian kitab anu ditarjamahkeunana wungkul. Jumlah

sampel pikeun medar kamampuh narajamkeun bisa katitén dina tabel 3.1 ieu di handap.

Tabél 3.1  
Jumlah Sampel Kamampuh Santri

No	Kelas	Jumlah		Total
		Santri	Santriyat	
1	Ibtida'iyah	23	17	40
2	Tsanawiyah	17	23	40
3	Aliyah	23	17	40
4	Ma'had Ali	11	5	16
Jumlah		74	62	136


### 3.2 Disain Panalungtikan

Panalungtikan kualitatif ngagunakeun studi kasus hartina panalungtikan dipokuskeun kana hiji fénoména anu dipilih sarta hayang dipahaman sacara jero, kalayan teu maliré fénoména-fénoména séjénna (Sugiyono, 2011: kaca 99).

Dina ieu panalungtikan anu jadi fénoména husus anu ditalungtik nya éta metodé narjamahkeun kitab konéng di pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur anu ngagunakeun Arab pégon dumasar élmu nahwu jeung shorof. Panalungtik lumampah salaku instrumén ngama'naan réalitas, ngama'naan gejala-gejala anu nyampak, boh dibarengan ku instrumén séjén boh henteu. Dina ieu panalungtikan digunakeun instrumen séjén anu diperlukeun dina analisis data, mangrupa pedoman wawancara jeung alat rékam anu digunakeun pikeun wawancara, sarta kartu data digunakeun nalika obsérvasi jeung nganalisis dokumén-dokumén hasil narjamahkeun santri sarta laporan hasil diajar santri. Analisis data dilaksanakeun dumasar model Spradléy (dina Sugiono, 2011 kaca 253) anu ngabagi analisis data dina panalungtikan kualitatif dumasar tahapan dina panalungtikan kualitatif. Tujuan tina ieu panalungtikan nyoko kana pamahaman jeung déskripsi. Sampel anu digunakeun mangrupa sampel non-random (henteu acak) mangrupa sampel

*purposive*. Tina ieu panalungtikan dipiharep kapanggih hasil mangrupa formula métode narjamahkeun kitab konéng anu ngagunakeun Arab pégon anu bisa dilarapkeunkeun dina panalungtikan lian ku panalungtik séjén anu anuduhkeun yén ieu panalungtikan téh valid tur realiabel.

Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca buku tehnik narjamahkeun kitab konéng, (2) obsérvasi, (3) wawancara jeung dokuméntasi, (4) translitkeun data, (5) nganalisis, jeung (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré, dibagankeun ieu di handap.



Bagan 3.2

Disain Panalungtikan

### 3.3 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan jeung kagunaan anu tangtu. Dumasar hal kasebut, aya opat konci kecap nu perlu diperhatikeun nya éta cara ilmiah, data, tujuan, jeung kagunaan. Cara ilmiah hartina kagiatan panalungtikan dumasar kana ciri-ciri kaélmaan, nya éta rasional (asup akal), émpiris (bisa ditétan ku panca indera), jeung sistematis (ngagunakeun langkah-langkah nu tangtu kalawan sifatna logis). Data nu

dimeunangkeun ngaliwatan panalungtikan nya éta data émpiris nu mibanda kritéria nu tangtu nya éta valid. Tujuan jeung kagunaan panalungtikan sacara umum aya tilu rupa nya éta anu sifatna *penemuan, pembuktian, jeung pengembangan* (Sugiyono, 2011 kaca 2-3).

Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan déskriptif ngagunakeun studi kasus pikeun maluruh sacara inténsif kasang tukang jeung interaksi lingkungan anu aya dina hiji satuan sosial saperti individu, kelompok, lembaga atawa komunitas. Anu boga tujuan ngalakukeun studi anu leuwih jero ngeunaan hiji unit sosial, nepi ka ngahasilkeun gambaran anu leuwih kaorganisir kalayan alus tur lengkep. Studi kasus (case study) nurutkeun Sukmadinata (2008, kaca 77) mangrupa métode pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data patali jeung hiji kasus. Hiji hal dijadikeun kasus bisaana aya masalah, kahése, bangbaluh, tapi bisa ogé hiji hal dijadikeun kasus sanajan henteu aya masalah, malahan dijadikeun kasus sabab kapunjulan jeung hasilna alus. Ieu kasus patali jeung digunakeunana kaédah narjamahkeun kitab konéng, sawatara métode dina narjamahkeun kitab konéng di pasantrén, sarta kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan jelas tur aya kasaruaan pandangan ngeunaan istilah poko anu digunakeun dina ieu panalungtikan, perlu diwincik wangenan operasional ieu di handap.

- a. Métode mangrupa cara gawé anu sistimatis pikeun ngagampangkeun milampah hiji kagiatan pikeun ngahontal tujuan anu ditangtukeun. Dina ieu panalungtikan, métode mangrupa cara-cara anu digunakeun ku guru jeung santri dina prosés diajar pikeun ngahontal kamampuh santri dina maca jeung narjamahkeun kitab konéng.
- b. Narjamahkeun hartina nepikeun ma'na omongan anu dipidangkeun dina hiji basa kana basa séjén kalawan nyumponan sakabéh ma'na jeung maksud éta omongan. Upama dikeunakeun kana panarjamahan kitab

konéng, narjamahkeun hartina nepikeun ma'na anu basana basa Arab kana basa Sunda kalawan nyumponan sakabéh ma'na jeung maksudna.

- c. Kitab Konéng mangrupa kitab-kitab kaagamaan anu ngagunakeun basa Arab atawa hurufna Arab hasil pamikiran ulama-ulama salafiyah anu ditulis dina kertas warna konéng dina wangun korasan (teu dijilid).
- d. Arab *pégon*, nya éta hiji tulisan aksara Arab tapi ngagunakeun basa Sunda anu biasa digunakeun ku kalangan pasantrén pikeun nulis tarjamahan kitab konéng.
- e. Pasantrén mangrupa hiji institusi agama Islam anu masih miboga corak tradisional salian ngalaksanakeun pangajaran agama, nyadiakeun ogé kobong pikeun usaha neuleuman ajaran agama.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan kualitatif, Lincoln jeung Guba (dina Sugiyono, 2011 kaca 223) nyebutkeun yén:

*“The instrument of choice of choice in naturalistic inquiry is the human. We shall see that other forms of instrumentation may be used in later phases of the inquiry, but the human is the initial and continuing mainstay. But if the human instrument has been used extensively in earlier stages of inquiry, so that an instrument can be constructed that is grounded in the data that the human instrument has produced”*

Saterusna Nasution (dina Sugiyono, 2011 kaca 223) nyebutkeun yén:

*“Dalam penelitian kualitatif, tidak ada pilihan lain daripada menjadikan manusia sebagai instrumen penelitian utama. Alasannya ialah bahwa, segala sesuatunya belum memiliki bentuk yang pasti. Masalah, focus penelitian, hipotesis yang digunakan, bahkan hasil yang diharapkan, itu semuanya tidak dapat ditentukan secara pasti dan jelas sebelumnya. Segala sesuatu masih perlu dikembangkan sepanjang penelitian itu. Dalam keadaan yang serba tidak pasti dan tidak jelas itu, tidak ada pilihan lain dan hanya peneliti itu sendiri sebagai alat satu-satunya yang dapat mencapainya.*

Dumasar dua katerangan di luhur, dina panalungtikan kualitatif instrumén utamana nya éta panalungtik sorangan, tapi saterusna sanggeus fokus panalungtikan jelas, dimekarkeun instrumén panalungtikan anu basajan, anu

miboga harepan bisa ngalengkepan jeung ngabandingkeun jeung data geus kapanggih ngaliwatan obsérvasi jeung wawancara. Lian ti panalungtik salaku instrumén, aya instrumén séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, di antara anu diwincik di handap.

- a. Kartu data digunakeun nalika obsérvasi jeung nganalisis dokumén-dokumén hasil narjamahkeun santri sarta laporan hasil diajar santri. Wangun kartu data nu digunakeun di antarana:

KARTU DATA A	
Sumber Data	: .....
Tingkatan	: .....
Metode	: Observasi
1) Metode Pangajaran	: .....
2) Kitab nu diajarkeun	: .....
3) Waktu Pangajaran	: .....
4) Durasi Pangajaran	: .....
5) Langkah-langkah Pangajaran:	
a)	.....
b)	.....
c)	.....
d)	.....
e)	.....
6) Catetan Tambahan:	
	.....
	.....
	.....
	.....



Kartu data A digunakeun pikeun instrumen panalungtikan ngunaan métode –métode pangajaran narjamahkeun kitab konéng anu sok dipaké di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur. Dina ieu panalungtikan aya tilu jenis métode utama anu sok digunakeun nya éta métode sorogan (Kartu Data A1), métode bandongan (Kartu Data A2), talaran (Kartu Data A3), jeung tarkiban (Kartu Data A4).

#### Format Analisis

		Metodé				Keterangan
		Sorogan	Bandongan	Talaran	Tarkiban	
Aspek Analisis	Kitab nu Diajarkeun					
	Durasi					
	Langkah-langkah Pangajaran					
	Kapunjulan					
	Kahéngéran					

Format analisis digunakeun pikeun ngadeskripsikeun sacara leuwih jelas ngunaan rupa-rupa métode anu digunakeun dina pangajaran narjamahkeun kitab konéng. Analisis data anu diwincik nya éta langkah-langkah pangajaran, durasi, kapunjulan, jeung kahéngkéran métode anu digunakeun dina pangajaran narjamahkeun kitab konéng.

## KARTU DATA B

Sumber Data : .....

Tingkatan : .....

Metode : Studi Bibliografis

a) Kaédah anu digunakeun dina narjamahkeun Kitab Konéng.

.....  
.....

b) Simbol-simbol anu digunakeun dina narjamahkeun Kitab Konéng.

.....  
.....

Kartu data B digunakeun pikeun maluruh kaédah-kaédah narjamahkeun jeung simbol-simbol anu digunakeun ku santri pikeun narjamahkeun kitab konéng.

## KARTU DATA C

Sumber Data : .....

Tingkatan : .....

Metode : Studi Bibliografis

a) Niley-niley kamampuh santri.

Ngaran Santri	Niley			
	Sorogan	Bandongan	Talaran	Tarkiban

Kartu data C digunakeun pikeun ngadeskripsikeun kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng.

- b. Pedoman wawancara digunakeun nalika wawancara sarta alat rekam pikeun alat bantu wawancara. Pedoman wawancara anu digunakeun wangunna basajan lantaran tehnik wawancarana bebas teu ngagunakeun pedoman jeung raraga anu tangtu.

### 3.6 Tehnik Ngumpulkeun Data

Aya sawatara tehnik anu diluyukeun jeung rupa-rupa data anu bakal dikumpulkeun, diantarana ieu di handap.

a. Tehnik Obsérvasi

Tehnik obsérvasi ieu bisa dilaksanakeun ku dua cara; kahiji obsérvasi partisipan, anu carana panalungtik langsung ancrub ka lapangan. Dina hal ieu carana nya éta langsung ancrub kana proses pangajaran anu ditepikeun ku kyai atawa ustad kasantri di pasntrén. Kadua non-partisipan, nya éta teu ancrub langsung tapi saukur nalungtik proses pangajaran jeung kumaha proses narjamahkeun kitab konéng anu dilakukeun ku santri.

b. Tehnik Wawancara

Wawancara anu dilaksanakeun ku *interview bebas*, nya éta anu dilaksanakeun teu maké aturan-aturan anu tangtu atawa raraga-raraga anu geus disiapkeun saméméhna.

Wawancara bakal ditujukeun ka sakabeh pihak anu aya patalina jeung panalungtikan, nya éta kyai, ustad, santri jeung pangurus pasantrén. Hal-hal anu bakal ditanyakan utamana dina proses pangajaran, patalina jeung kaédah narjamahkeun jeung métode narjamahkeun kitab konéng.

c. Tehnik Studi Bibliografis

Pikeun mikanyaho sagala rupa anu patalina jeung proses pangajaran anu aya dina wangun tulisan, utamana métode narjamahkeun kitab konéng. Kaasup materi pangajaran, kaédah narjamahkeun, jeung kitab-kitab anu diajarkeun di pasantrén.

### 3.7 Analisis Data

Prosés analisis data anu digunakeun dumasar pamanggih Spradley (dina Sugiyono, 2011 kaca 253).

- a. Nangtukeun informan anu anu dipercaya bisa muka panto panalungtikan pikeun asup kana obyék panalungtikan. Carana nangtukeun informan konci nya éta alumni Pasamtrén Miftahulhuda Al-Musri anu deukeut jeung panalungtik, nepi ka sagala macam informasi awal bisa kapanggih.
- b. Ngalaksanakeun wawancara jeung *key informant* sarta nganalisis hasil wawancara.
- c. Muserkeun panitén kana obyék panalungtikan jeung ngamimitian ngasongkeun pertanyaan déskriptif ngeunaan kaédah narjamahkeun, métode narjamahkeun kitab konéng, jeung kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur, diteruskeun kana nganalisis hasil wawancara.
- d. Diteruskeun nganalisis domain dumasar hasil analisis wawancara nya éta manggihan gambaran anu umum tina kaédah narjamahkeun, métode narjamahkeun kitab konéng, jeung kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.
- e. Nangtukeun fokus jeung nganalisis taksonomi anu mangrupa ngajabarkeun domain anu dipilih pikeun ngalaksanakeun obsérvasi anu *terfokus*.
- f. Ngasongkeun pertanyaan kontras dumasar analisis taksonomi anu diteruskeun kana analisis komponénsial anu mangrupa obsérvasi jeung wawancara anu *terséléksi* kalayan pertanyaan anu ngontraskeun pikeun néangan ciri spésifik dina tiap struktur internal.
- g. Hasil tina analisis komponénsial diteruskeun kana manggihan téma-téma budaya; jeung
- h. Dumasar kana hal-hal anu kapanggih, panalungtik nuliskeun laporan panalungtikan.

Ngolah data kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantren Miftahul huda Al-Musri Cianjur diwincik dina léngkah-léngkah ngolah data ieu di handap.

- a) Langkah kahiji, nya eta nyutat data niléy kamampuh narjamahkeun kitab konéng santri. Skor anu asalna skala satuan dirobah jadi skala puluhan.
- b) Ngajumlahkeun skor total tiap sampel pikeun neangan rata-rata hitungna ( $\bar{x}$ ), kalawan ngagunakeun rumus:

$$\bar{X} = \frac{ST}{N}$$

Keterangan:  $\bar{X}$  = rata-rata hitung

ST = skor total

N = jumlah skor

- c) Dumasar kana kriteria skala peunteun, pikeun leuwih ngagampangkeun dina nangtukeun skala anu mangrupa skala ordinal, nya eta luhur pisan (LP); luhur (L); sedeng (S); handap (H); jeung handap pisan (HP). Kriteria skala ordinal anu geus kapanggih diluyukeun kana kriteria ieu dihandap.

91 – 100 = luhur pisan (LP)

81 – 90 = luhur (L)

71 – 80 = sedeng (S)

60 – 70 = handap (H)

0 – 59 = handap pisan (HP)

- d) Nyieun perséntase ngeunaan kelompok santri anu miboga kamampuh luhur pisan (LP); luhur (L); sedeng (S); handap (H); jeung handap pisan (HP) kalawan ngagunakeun rumus:

$$N = \frac{\text{Santri anu Kaasup kelompok X}}{\text{Jumlah Sampel}} \times 100$$

Ngolah data niléy kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng dumasar métode pangajaranana, diantarana ieu dihandap.

- a) Nyieun rata-rata niléy mata pelajaran dumasar kana métodena kalawan ngagunakeun rumus:

$$Q = \frac{NS}{JN}$$

- Katerangan:
- Q = niléy rata-rata Métode X
  - NS = niléy total
  - JN = jumlah niléy

- b) Ngabandingkeun niléy rata-rata kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng dumasar métode pangajaranana dumasar niléy anu pangluhurna nepi ka niléy anu panghandapna.